

CAPTÉH.- « Matematik ap bouyi sou 3 wòch dife »

MATEMATIK POU KLAS PREPARATWA (1è Ane Fondamantal / 2yèm Ane Fondamantal)

Pedagoji investigasyon ki chita sou pwojè k ap rezoud pwoblèm

FICH PEDAGOJIK POU LESON No 1

Tèm : Operasyon

Kontni : Adisyon 2 nonb

Objektif No 1 : Idantifye epi reprezante sitiyoasyon ki egzije yon adisyon 2 nonb

Objektif No 2 : Itilize senbòl pou nonb, plis ak egal

Konpetans ki vize.- Pandan epi aprè seyans lan, chak elèv dwe kapab :

- itilize materyèl konkrè, desen ak senbòl matematik pou prezante yon operasyon adisyon ;
- esplike ki sa « adisyon » vle di, sèvi ak senbòl pou adisyon epi adisyon 2 nonb antye kote total la pa depase 9 ;
- itilize korespondans tèm ak tèm pou montre adisyon 2 nonb egal yon nonb ;
- itilize senbòl matematik pou reprezante adisyon 2 nonb.

SITIYASYON – PWOBLÈM

Kesyon investigasyon : « Kòman n ka itilize korespondans tèm ak tèm ak manipilasyon materyèl pou montre adisyon 2 nonb egal yon nonb ? »

SITIYASYON ENVESTIGASYON

Pwojè .- Adisyon nonb

Resous didaktik pou chak atelye : 2 goble ; 9 ti objè nan divès kategori — ti wòch, bouchon boutèy, mòso lakrè e latriye... — 23 mòso papyè ki gen senbòl sa yo ekri sou yo chak :

0, 0, 0, 1, 1, 2, 2, 3, 3, 4, 4, 5, 5, 6, 6, 7, 7, 8, 8, 9, 9, +, = .

Aktivite 1.- Manipilasyon materyèl konkrè

Travay la ap fèt nan atelye ki gen 4 moun. Nou pwopozè non sa a yo pou manm atelye a :
Abnè, Andre, Beatris, Cheri.

Tach :

1) Abnè pran 2 nan ti mòso papyè ki gen chif ki ekri sou yo (li ka pran sa ki gen « 0 » a tou) epi li mete yo sou tab la ak ti mòso papyè ki gen senbòl « + » ki vin chita ant 2 nonb yo.

Egzanp :

$$3 + 2$$

2) Andre konte kèk ti objè selon 2 nonb ki sou tab la epi li mete 2 kantite sa yo nan 2 goble yo. Si Andre pa jwenn ase objè, l ap di byen fò « Total la twò gwo » epi l ap mande Abnè pou l chwazi 2 nouvo nonb.

Egzanp :



$$3 + 2$$

3) Beatris pran senbòl « = », li mete l a dwat 2 nonb yo, li kalkile total la epi li cache nonb ki koresponn ak total la.

Egzanp :



$$3 + 2 = 5$$

4) Cheri pran kontni 2 goble yo, li mete yo ansanm epi li konte yo byen fò.

Egzanp :



$$3 + 2 = 5$$


5) Tout moun bat bravo si total **Cheri** a koresponn ak total **Beatris** te kalkile a. Si total yo pa koresponn, enben, fòk tout moun met tèt ansanm pou yo brase lide sou rezon ki fè total yo pa bon.

6) Ale nan etap (1) pou n rekòmanse.

Opsyon pi avanse : Si ti moun yo gentan pare pou yo fè kalkil ak nonb ki gen 2 chif, fòk nou gen 18 ti objè ki disponib nan jwèt la epi nou p ap sèvi ak pawòl ki di « Total la twò gwo ». Men, fòk nou asire nou ti moun yo sèvi ak nonb ki gen sèlman yon chif ; kon sa, total la p ap janm pi gwo pase 18.

Aktivite 2.- Manipilasyon desen

Tach : Se tankou anvan, men, kounye a , nan plas ti mòso papye ki gen chif ak senbòl ki ekri sou yo, ti moun yo pral sèvi ak kreyon ak papye pou yo ekri nonb yo ansanm ak senbòl matematik yo sou papye.

KONFWONTASYON REZILTA

Nan atelye yo, ka gen brase lide sou kesyon sa yo :

1. Ki total ki mande pou n adisyone 2 senk (oswa 2 yon lòt chif) ?
2. Kalkile tout fason 2 nonb ka adisyone pou yo bay nonb 7 (oswa yon lòt nonb).

Egzanp :

●●●● + ●●● = □□□□□□ : $4 + 3 = 7$ oswa ●●● + ●●●● = □□□□□□ : $3 + 4 = 7$
 oswa ● + ●●●●●● = □□□□□□ : $1 + 6 = 7$ oswa + ●●●●●●● = □□□□□□ : $0 + 7 = 7$
 oswa ...

3. Ki jan total la ap chanje si w ajoute 1 sou youn nan nonb ki nan adisyon an ? (Note se sa ki rele « lwa asosyatif »)

SENTÈZ

Mwen aprann : « Pou m idantifye epi reprezante yon sitiyasyon ki egzije adisyon, m ka sèvi ak materyèl konkrè tankou ti wòch, m ka fè desen epi m ka sèvi ak senbòl matematik. »

EVALYASYON

Non liv referans la	Paj	Nimewo	Dat
-
-

★ Leson sa a baze sou yon fich ki nan anèks tèks Pwofesè Jacques Ronald JEAN te prezante nan Wèbinè « UNESCO » nan dat 8 oktòb 2020.